



Fason pou Ranpli Fèy Evalyasyon Risk Ovèdoz ak Planifikasyon Sekirite a Avèk Patisipan yo

Fèy Evalyasyon Risk Ovèdoz ak Planifikasyon Sekirite

Objektif

Fèy la fèt pou responsab dosye yo, espesyalis rediksyon risk yo, konseye nan zafè konsomasyon sibstans yo ak lòt pèsonèl yo itilize kòm yon zouti angajman avèk patisipan ki konsome dwòg yo. Li ede patisipan yo konprann pwòp fason yo konsome dwòg, egzamine risk ovèdoz yo sou diferan ang, rekonèt mezi sekirite yo deja ap pran epi reflechi sou lòt mwayen yo kapab redui risk yo genyen pou fè ovèdoz. Epi tou, li pèmèt pèsonèl la apwofondi relasyon pwofesyonèl li avèk patisipan yo, fikse objektif pozitif ansanm epi bay referans lè gen nesosite pou sa.

Se pa tout bagay nan fèy la ki obligatwa. Patisipan yo kapab sote kesyon yo pa vle reponn yo nenpòt ki lè. Patisipan yo pa ta dwe bay okenn enfòmasyon pèsonèl, tankou non yo, dat nesans yo oswa adrès yo. Fèy la se yon bagay sekre; nenpòt enfòmasyon patisipan yo pataje sou zafè konsomasyon dwòg p ap lakoz yo sibi sanksyon. Patisipan an oswa responsab dosye yo ta dwe byen konsève enfòmasyon patisipan an pataje yo. Ou pa ta dwe mande patisipan yo bay enfòmasyon ki konsène konsomasyon dwòg ki ka afekte rezidans yo oswa sèvis yo resevwa.

Fason Pou Itilize Li

Fèy la **pa** fèt pou w itilize l antanke yon aktivite ki obligatwa. Depreferans, ou ta dwe itilize fèy la avèk patisipan ou fè konfyans oswa genyen bon rapò avèk yo. Asire ou di patisipan yo sa yo ekri sou fèy la se bagay ki sekre epi yo p ap lakoz yo sibi sanksyon poutèt yo konsome dwòg. **Pa** itilize fèy la avèk yon patisipan si pale sou zafè konsomasyon dwòg ap lakoz li pèdi rezidans oswa sèvis yo.

Menm si kèk pati nan fèy la baze sou opyopid, ou kapab itilize li pou evalye ak redui risk ovèdoz la, konsomasyon depase ak lòt move reyaksyon ki gen pou wè ak nenpòt dwòg. Plan sekirite yo pi efikas lè yo rewè yo epi mete yo ajou regilyèman oswa lè sitiyasyon patisipan an chanje.

Sa W Ta Dwe Fè ak Sa W Pa Ta Dwe Fè

Sa W Ta Dwe Fè	Sa W Pa Ta Dwe Fè
<ul style="list-style-type: none"> • Itilize yon apwòch pou redui risk: Tann anvan w pran desizyon. Mande patisipan an ba ou enfòmasyon pou w ka konprann sitiyasyon li an, ki opsyon li genyen ak ki desizyon li kapab pran pou l redui risk pou sante li. Ankouraje patisipan an pou l fè chanjman pozitif ki ka redui risk pou l fè ovèdoz. Patisipan yo gendwa oblije adapte plan sekirite yo a selon sitiyasyon oswa anviwònman yo ye nan moman an. • Kenbe bagay yo sekrè: Pale avèk patisipan yo nan yon chanm prive oswa yon kote ki izole. Konsève fèy ki ranpli a nan dosye konfidansyèl patisipan an pou yo ka fè koudèy ladan l nan pwochen seyans konsèy yo. Fasilitatè yo ka bay patisipan an yon kopi fèy la men yo ta dwe konseye l konsève li yon kote ki an sekirite epi ki prive. 	<ul style="list-style-type: none"> • Di patisipan yo sa pou yo fè: Mande patisipan yo si yo vle brase lide oswa tandè opsyon yo. Evite pase patisipan yo lòd oswa fè moral yo – yo ki konnen sa k ap pase nan lavi yo byen. • Vize pèfeksyon: Lè ou fè chita pale regilyèman avèk patisipan yo, sa ap pèmèt yo rekonèt epi pale sou pwoblèm ak siksè ki gen pou wè ak rediksyon risk pou yo fè ovèdoz oswa aplike chanjman ki fèt nan fason yo konsome dwòg. Konsidere yon plan sekirite pèsonalize sizoka ta gen ovèdoz kòm yon objektif oswa yon bagay ou vize. Moun yo gendwa pa an mezi pou yo toujou suiv tout etap ki nan plan sekirite yo a. Menm si yon patisipan di li santi l fè tèt li desepsyon, asire w li konnen li pa yon desepsyon pou ou.

Kèk Pati ki nan Fèy la

Fèy la genyen pati ladan li ki pale sou diferan faktè ki kontribye nan risk pou patisipan an fè ovèdoz. Chak pati gen kesyon ladan li ki pale sou pratik konsomasyon dwòg patisipan yo epi gen yon kote patisipan yo kapab ekri estrateji yo itilize pou yo redui risk yo genyen pou fè ovèdoz. Anvan ou ranpli fèy la, li ka itil pou w rezime pati yo epi travay avèk patisipan yo pou w ka priyoreze pati ki pi enpòtan pou yo. Si fèy la twò long oswa genyen pati ki pa konsène patisipan an, ou KA sote kèk pati.

Pratik Konsomasyon Dwòg

Pati sa a evalye ki dwòg patisipan yo konsome ak fason yo konsome yo epi li ede detèmine risk ovèdoz ki ka genyen yo ak mezi patisipan yo kapab pran pou redui risk sa yo. Ou pa oblije ranpli lòt pati yo nan yon lòd presi. Ou kapab ranpli yo ofiyamezi yo ap vin enpòtan oswa lè patisipan yo jije yo enpòtan.

Riban Reyaktif pou Teste Dwòg

Pati sa a kapab ede oryante konvèsasyon avèk patisipan yo sou fason riban reyaktif pou teste dwòg yo kapab ede yo pran mezi pou yo redui risk yo genyen pou fè ovèdoz. Manm pèsònèl yo kapab eksplike kilè ak ki fason yo ta dwe itilize riban reyaktif pou teste fentanil ak zilazine yo. Si patisipan yo vle konnen kote pou yo jwenn riban reyaktif pou teste, manm pèsònèl yo kapab voye yo nan yon pwogram sèvis sereng (syringe service program, SSP), yon sant prevansyon

ovèdoz (overdose prevention center, OPC), yon pwen kote piblik la kapab jwenn riban reyaktif pou teste fentanil, yon pwogram prevansyon ovèdoz opyoyid (opioid overdose prevention program, OOPP) ooswa Rezo MATTERS. Pou w jwenn plis enfòmasyon sou Rezo MATTERS, ale sou mattersnetwork.org.

Epitou, manm pèsònèl yo kapab pale sou sèvis kontwòl dwòg nan pwen sèvis yo pwopoze nan kèk SSP nan Vil New York. Pou w jwenn plis enfòmasyon, ale sou nyc.gov/alcoholanddrugs oswa voye yon imèl nan drugchecking@health.nyc.gov.

Melanj Dwòg

Pati sa a evalue si patisipan yo konsome plizyè dwòg ak fason sa ogmante risk pou yo fè ovèdoz. Sa gen ladan l melanj diferan kalite dwòg (tankou opyoyid, estimilan ak kalman) ak itilizasyon plizyè depresè sistèm nè santral (central nervous system, CNS) (tankou opyoyid, alkòl ak benzodyazepin). Men sou ki sijè yo ka pale:

- Estimilan yo kapab ogmante vitès batman kè a.
- Depresè CNS yo kapab lakoz respirasyon ak vitès batman kè yon moun ralanti.
- Lè yon moun itilize plizyè depresè CNS, sa kapab ralanti respirasyon l ak vitès batman kè li epi ogmante risk pou l fè yon ovèdoz ki ka lakoz lanmò li.
- Lè yon moun melanje estimilan yo avèk depresè CNS yo (pa egzanp, kokayin oswa metanfetamin kristal avèk ewoyin oswa benzodyazepin), sa kapab ogmante risk pou l fè ovèdoz paske estimilan yo fè li bezwen plis oksijèn pou l respire, tandiske depresè yo fè kò a gen difikilte pou li absòbe oksijèn.
- Melanj alkòl avèk kokayin bay koka-etilèn, ki se yon metabolit siko-aktif ki ogmante efè toude dwòg yo epi ogmante risk pou gen dega nan kè ak nan kò a.

Tolerans epi Medikaman pou Twoub Konsomasyon Opyoyid

Pati sa a pèmèt manm pèsònèl yo chita pale avèk patisipan yo:

- Tolerans ak sitiyaasyon ki kapab lakoz tolerans lan diminye (tankou kanpe yon tretman pou konsomasyon sibstans, entènè lopital oswa anprizònman)
- Fason chanjman nan tolerans afekte risk pou fè ovèdoz nan opyoyid
- Wòl medikaman pou twoub konsomasyon opyoyid (opioid use disorder, OUD) jwe nan jesyon sentòm sevraj yo ak rediksyon risk pou fè ovèdoz la.
 - Methadone ak buprenorphine (bupe) se medikaman ki pi efikas pou trete OUD epi gen prèv ki montre li diminye risk pou fè ovèdoz la.

Naloxone

Pati sa a pèmèt pèsònèl la chita pale avèk patisipan yo sou fason pou yo jwenn naloxone ak fason yo kapab redui risk pou yo fè ovèdoz ki ka touye yo lè yo genyen li anba men yo. Si yon patisipan pa genyen naloxone men òganizasyon w lan bay li, ou kapab bay patisipan an yon kit. Si òganizasyon w lan pa bay naloxone, ou kapab ede patisipan yo jwenn yon OOPP ki toupre yo lè w ale sou nyc.gov/naloxone oswa lè w rele **311**.

Si òganizasyon w lan vle vin yon OOPP pou l ka distribye naloxone, ale sou nyc.gov/health epi chèche "[overdose prevention resources](#)" (resous pou prevansyon ovèdoz) oswa voye yon imèl nan naloxone@health.nyc.gov.

Kote a

Pati sa a evalye risk ovèdoz patisipan an selon kote li konsome dwòg yo. Manm pèsonèl yo kapab poze kesyon oryantasyon pou ankouraje patisipan yo panse ak sekirite kote a epi ak posibilite pou yon moun jwenn yo epi fè entèvansyon sizoka yo ta fè yon ovèdoz. Men sou ki sijè yo ka pale:

- Èske kote a aksesib pou sekouris potansyèl yo?
- Èske kote a gen yon pòt ki ka fèmen a kle?
 - Èske pòt la ouvri deyò pou pèmèt moun antre si yon moun anndan?
- Èske kote a pèmèt moun konsome dwòg pi byen?
- Èske kote a gen bon ekleraj ak bon vantilasyon pou pèmèt moun pran dwòg nan piki ak fimèn pi byen?
- Si kote a se deyò, èske li bay pwoteksyon kont move tan ak lòt katastwòf (pa egzanp, èske genyen pwotèj anlè tankou yon pon teras)?

Epitou, manm pèsonèl yo ka pale sou OPC yo, kote moun yo kapab pote dwòg yo achte alavans pou yo konsome pandan moun ap siveye yo. Pou w jwenn plis enfòmasyon sou estrateji konsomasyon dwòg ki pi bon, gade bwochi ki gen pou tit Pran Swen, Pran Kontwòl: Konsèy Sekirite pou Moun Ki Konsome Dwòg oswa Pran Dwòg nan Piki (Take Care, Take Charge: Safety Tips for People Who Use or Inject Drugs) (ki disponib nan lyen sa a on.nyc.gov/tctc-booklet) ak Konsèy Sekirite pou Moun ki Itilize Estimilan (Safety Tips for People Who Use Stimulants) (ki disponib nan lyen sa a on.nyc.gov/stimulants-booklet).

Moun Ki Kapab Ede

Pati sa a pèmèt patisipan yo idantifye moun ki ka an mezi pou ede yo sizoka yo ta fè yon ovèdoz. Manm pèsonèl yo kapab pale avèk patisipan yo sou fason pou yo konsome dwòg avèk lòt moun ak fè woulman yon fason pou yon moun ka disponib pou ba yo naloxone sizoka yo ta fè yon ovèdoz. Pou patisipan ki pa konsome dwòg avèk lòt moun yo, pèsonèl la kapab pale sou opsyon ki genyen yo tankou rele liy asistans "Never Use Alone" (Pa Janm Pran Poukont Ou an) nan 877-696-1966 epi asire yo kote a aksesib pou sekouris yo.

Sante Jeneral

Pati sa a pale sou lòt pwoblèm sante ki ka fè enpak sou risk patisipan yo genyen pou yo fè ovèdoz. Pwoblèm sante ki la deja ki afekte respirasyon an kapab ogmante risk pou fè ovèdoz la oswa fimèn dwòg kapab fè li agrave.

Plan Sekirite Mwen Sizoka Gen Ovèdoz

Pati sa a nan fèy la pèmèt patisipan yo idantifye mezi yo kapab pran pou yo redui risk yo genyen pou yo fè ovèdoz. Lè patisipan yo ap ranpli pati sa a, li enpòtan pou yo konsantre yo sou mezi ki reyalis epi ki pratik. Men kèk kesyon pou w konsidere avèk patisipan an:

- Èske mezi sa yo se bagay patisipan an vle fè epi kapab fè?
- Kisa k ap rive si patisipan an pa kapab pran youn nan mezi yo?

Plan sekirite yo ka chanje tank tan ap pase epi yo ta dwe rewè yo chak lè sitiyasyon oswa abitud konsomasyon dwòg yon patisipan chanje.

Afich pou Planifikasyon Sekirite lè Gen Ovèdoz

Afich sa a prezante kesyon jeneral pou konsidere lè w ap panse ak risk pou fè ovèdoz la. Ou kapab afiche li nan yon biwo oswa espas travay pou endike se yon espas ki san danje pou moun pale sou konsomasyon dwòg. Epiou, ou kapab itilize li pou kòmanse yon konvèsasyon, apres a ou kapab montre patisipan an fèy planifikasyon sekirite a. Afich sa a disponib sou entènèt nan lyen sa a on.nyc.gov/od-safety-plan epi ou kapab mande li lè w rele **311**.

Resous Anplis yo

Pou w jwenn plis enfòmasyon sou:

- Sèvis kontwòl dwòg yo nan Vil New York, tankou nan SSP yo ak OPC yo, ale sou nyc.gov/alcoholanddrugs
- Naloxone, ale sou nyc.gov/naloxone
- Tretman pou OUD, ale sou nyc.gov/health epi chèche "[opioid treatment](#)" (tretman pou moun ki pran opyoyid)
- Fason pou kite fimèn, ale sou nyc.gov/nycquits

Pou w wè:

- Kat planifikasyon sekirite sizoka gen ovèdoz Depatman Sante Eta New York (New York State, NYS) la, ale nan lyen sa a health.ny.gov/publications/9895.pdf
- Zouti pou lokalize tretman Biwo Sèvis ak Sipò pou Adiksyon Eta New York (NYS Office of Addiction Services and Supports), ale sou findaddictiontreatment.ny.gov